



# SEMUGIH GUMBREGUT


Wasdi Raharja - Romadhoni



## Bumi Semugih

Semugih minangka perangan saking wewengkon Kabupaten Gunungkidul, Daerah Istimewa Yogyakarta, jembaripun udakara 10.814,00 Ha, kedadosan saking 13 padukuhan, 13 Rukun Warga, lan 53 Rukun Tetangga, mapan ing sisih kidul wetan Wonosari watawis 24 kilometer, kanthi warga gunggung 4.923 jiwa, kepala somah 1.527 KK, warga pawestri cacah 2.514 jiwa, lan 2.409 jiwa warga kakung.

Tapel wates Desa Semugih : ering wetan kaliyan Desa Karangwuni lan Desa Melikan, ering kilen Desa Petir lan Desa Pucanganom, ering kidul Desa Pringombo lan Desa Nglindur Kecamatan Girisubo lan ering ler Desa Karangwuni.



Gambar 1.1 Peta Wilayah Desa Semugih

## Tata Paprintahan Desa Semugih.

Prekawis nindakaken jejibahan magepokan kaliyan reh Paprintahan Perangkat Desa nyambut damel kanthi gumbregut lan saiyeg saekakapti sami cancut tali wanda. Sugiyarto,SPd. minangka Kepala Desa, kabiyantu dening Perangkat Desa: Bukhori Ibnu Romadhoni minangka Sekretaris Desa, Syaebani minangka Kepala Seksi Pemerintahan, Suparsa minangka Kepala Seksi Pelayanan, Sabarso, SH minangka Kepala Seksi Kesejahteraan, Sugiyono minangka Kepala Urusan Tata Usaha lan Umum, Wasdi Raharja,SIP minangka Kepala Urusan Perencanaan, lan Suripta minangka Kepala Urusan Keuangan.

Ugi Kabiyantu Perangkat Desa Minangka pamangku wilayah padukuhan : Suparman minangka Dukuh Karangwetan, Tumino Dukuh Purworejo, Sukisno Dukuh Semugih, Sukirna Dukuh Ngrombo, Tohari Dukuh Gandu, Sugiyanta Dukuh Kemesu, Karunia Yuliyanta Dukuh Kerdonmiri, Suhartini Dukuh Baran Kulon, Sarmana Dukuh Baranwetan, Ngatman Dukuh Bendorubuh, Suyata Dukuh Semampir, Surajiyanta Dukuh Kemiri, lan Saqri Amsyori Dukuh Ploso.

Wandene kepala Seksi lan Kepala Urusan anggenipun Nyambut damel kabiyantu dening Staf : Asih Subekti minangka staf Kepala seksi Pemerintahan, Veranita Heli Mustikawati, SPd. minangka Staf Kepala Seksi Pelayanan, Eka Wantara staf Kepala Seksi Kesejahteraan, Violita Yovi Deninta staf Kepala Urusan Tata Usaha lan Umum, Yuni Astuti Staf Kepala Urusan Perencanaan, Wahyu Agus Widodo Staf Kepala Urusan Keuangan lan Dwi Harianto minongko Tenaga harian.



Gambar 3.1 Kantor desa Semugih

# Cagar Budaya lan Petilasan

## Cagar Budaya

Ing Wewengkon Desa Semugih Wonten legenda Goa Braholo ingkang mapan wonten Padukuhan Semugih lan Song Tritris ingkang mapan wonten ing Padukuhan Semampir critanipun Goa menika rumiyan pun panggeni dening nenek moyang, kanyata sak sampunipun sak menika dipun lindungi kaliyan Dinas Purbakala lan tanahipun dipun duduk Kanyata goa braholo lan Goa Tritis nyimpen sakathahing balung sae meniko balung kewan lan Balung Manungsa ingkang kasebat Vosil, Namung karena Desa Semugih dereng gadah Mosium vosil, vosil menika Kasimpen Wonten ing Mosium Pacitan. Goa Goa Kala wau sak menika kangge Papan Penelitian lan Study wisata Para para ingkang wonten Pawiyatan inggil



Gambar 1.14 Goa Braholo

## Petilasan

Legenda Patilasan Majapahit lan Maling Genthiri dumugi sak meniko taksih dipun uri uri ugi, nurut ceritanipun Petilasan Majapahit Menika Papan kangge Mampir/kendel Pangeran Browijaya saking Majapahit lumampah lan kendel wonten ing papan wau ingkang sak menika kasebat Petilasan Majapahit. Menawi Petilasan Maling Genthiri rumiyin critanipun kangge ngubur Cemethinipun mbah maling Genthiri ingkang hasilipun maling dipun paringaken dateng Masyarakat miskin. Patilasan patilasan kala wau dumugi sak meniko taksih dipun angge Semedi tiyang tiyang ingkang mitadosi utaminipun tiyang ingkang remen dateng Kejawen.



Gambar 1.15 *Petilasan Maling Genthiri lan Petilasan Majapahit*

## CIKAL BAKAL PAPRINTAHAN

Adeging Kabupaten Gunungkidul kawiwitan ing Negari Indonesia taksih dipun jajah Walanda. Pangeran Mangkubumi mengsah bangsa Walanda lan paprangan karampungaken kanthi Prajanjen Giyanti, ingkang dipun tekeni dening Kompeni. Kanyata bangsa Walondo anggenipun njajah Negari Indonesia kalebet tanah Jawi langkung-langkung ing tlatah Ngayogyakarta Adiningrat lelajengan, kadosta dumugi perangipun Pangeran Diponegoro tahun 1825-1830. Pangeran Diponegoro kabantu Kyai Maja, Ali Basah Sentot Prawirodirjo, Imam Bonjol, kabantu wadyabala sakwatawis (Transformasi Masyarakat Indonesia dalam Historiografi Indonesia Modern, 2009). Perang Diponegoro kanggenipun bangsa Walanda awrat sanget, perangipun Pangeran Diponegoro kanthi ngrabasa sesingidan utawi gerilya, lan gadhah papan baken minangka pasanggrahan ing Gua Selarong tlatah Bantul. Pramila bangsa Walondo gadhah nalar badhe ngapusi kanthi cara ngajak rerembagan. Nanging Pangeran Diponegoro lumebetipun papan pirembagan mboten kenging ngasta pusaka, kanyata sareng lumebet papan pirembagan, Pangeran Diponegoro dipun besta. Wusana dening bangsa Walondo Pangeran Diponegoro dipun bucal wonten ing tlatah Manado, kelajenganipun dipun pindah dhateng Makassar ngantos sak sedanipun. Para panderekipun sak kecepengipun Pangeran Diponegoro taksih nglajengaken paprangan, nanging kapeksa sami kaseser lan pados papan kagem gesangipun.

Gunungkidul rikala taksih alas gerumbul, wonten satunggaling desa ingkang dipun panggeni sawetawis tiang lanjon saking Majapahit. Kemajengan warga ing wewengkon Gunungkidul lajeng wonten peprintahan, Ki Pontjodirdjo putra R.Suromejo dipun angkat dening Pangeran Sambernyowo dados Bupati Gunungkidul I. Bupati Mas Tumenggung Pontjodirdjo mboten lami anggenipun ngasto bupati Gunungkidul awit wonten paugeran wates wewengkon Gunungkidul antawisipun Sultan lan Mangkunegaran II ing surya 13 Mei 1831. Wewengkon Gunungkidul minangka kabupaten panguwaosipun Kasultanan Ngayogyakarta, kejawi Ngawen nderek panguwaos Mangkunegaran.

Miturut Mr. R.M Suryodiningrat ing bukunipun "Peprintahan Praja Kejawen" yang dikuatkan buku *de Vorstenlanden* terbitan 1931 tulisan G.P. Rouffaer, dan pendapat B.M.Mr. A.K. Pringgogidgo dalam bukunya *Onstaan En Groei van het Mangkoenegorosche Rijk, berdirinya Gunungkidul (daerah administrasi) tahun 1831 setahun seusai Perang Diponegoro, bersamaan dengan terbentuknya kabupaten lain di Yogyakarta. Disebutkan bahwa "Goenoengkidoel, wewengkon pareden wetan lepen opak. Poeniko siti maosan dalem sami kaliyan Montjanagari ing zaman kino, dados bawah ipun Papatih Dalem. Ing tahoen 1831 Nagoragung sarta Mantjanagari-nipoen Ngajogjakarta sampoen dipoen perang-perang, Mataram dados 3 wewengkon, dene Pangagengipoen wewengkon satoenggal-satoenggalipoen dipoen wastani Boepati Wadono Distrik kaparingan sesebatan Toemenggoeng, inggih poeniko Sleman (Roemijin Denggong), Kalasan serta Bantoel. Siti maosan dalem ing Pengasih dipoen koewaosi dening Boepati Wedono Distrik*

Pamadjegan Dalem. Makanten oegi ing Sentolo wonten pengageng distrik ingkang kaparingan sesebatan Riya. Goenoengkidoel ingkang nyepeng siti maosan dalem sesebatan nipoen Riya.”

Bumi Gunungkidul wewengkonipun kapantha dados Kawedanan ( Wedana ) lan ugi Kapantha dados desa-desa ngantos dumugi sisih kidul wetan kalebet Desa Semugih. Kawontenan ing jaman semanten Asisten Wedana Rongkop menika anggenipun nindaaken peprintahan mapan wonten ing Jerukwudel Ingkang Sak meniko mlebet Kecamatan Girisubo sak sampunipun sekitar tahun 1942 Asisten wedana pindah dateng Baran Ingkang sak menika kangge Kantor Kecamatan Rongkop, ingkang ugi mlebet wewengkon Desa Semugih. warga Semugih nyambut damel olah tani kanthi prasaja. Liripun panggesanganipun taksih kuno, kirang mangertosi ing babagan olah tetanen, pramila hasilipun namung cekap kangge kabetahan ing gesang saben dintenipun. Sinaosa mekaten, saben dintenipun warga masyarakat Semugih sampun nindaaken gesang guyub rukun nyambut damel gotong royong, kathah ingkang damel paguyuban kangge ngenthengaken padamelan kanthi temen lan remen. Tanggeljawab minangka warga ingkang setya dhumateng Paprintahan asok bulu bekti ingkang sakpunika kasebat pajek.

## **Paprintahan kaping 1 (Setunggal)**

### **Lurah Raden Mangun Atmojo**

Bangsa Walanda nyeseg anggenipun ndadosaken kapitunan dhumateng kawula alit anggenipun ngereh praja. Mila R. Mangun Atmojo gumbregut nindaaken reh kaprajan amrih saget lestantun, lan nebihaken saking pambujuk awon bangsa Walanda. Lurah R. Mangun Atmojo minangka andhahan saking Asisten Wedana, saget mengku Paprintahan kanthi sae, katitik Paprintahan kalurahan kaping Sepisan ingkang dipun emban R. Mangun Atmojo saget katingal tumata. Katitik Gotong royong masyarakat ketingal guyup rukun, nyambut damel sareng sareng kaliyan Dukuh kanthi sae, Lan ugi saget ngentasaken putranipun minangka pangemban Paprintahan saklajengipun. Rikala semanten wewengkon ingkang kalebet wewengkon Paprintahan.

Semugih inggih punika : Karangwetan, Purworejo, Semugih, Gandu, Kemesu, Kerdonmiri, Baran, Bendorubuh, Semampir, Kemiri, lan plosa, cacah 11 ( sewelas ) Padukuhan.

Manut katrangan para pinisepuh lan punggawaning masyarakat, Nami Desa Semugih awit mapanipun Lurah ingkang Kapisan Mapan Wonten ing padukuhan Semugih. Lurah jaman semanten dipun biantu dening Carik, Jogomirudo, Kamituwo, Jogoboyo lan Kebayan. Lurah anggenipun ngasto Paprintahan beten winates wedalipun. Lurah rikala semanten dipun angkat Dening Asisten Wedana wonten ing dinten Rabu Kliwon wulan Besar/ wulan Juli tahun 1916.

R. Mangun Atmojo mengku kaprajan watawis 26 tahun, wiwit tahun 1916 dumugi 1942 piyambakipun lereh. Kagungan putro 10 ( Sedoso ) inggih meniko : Sarjono, Somo Taruno, Harjo Sudarso, Pawiro Atmojo, Suldiyah, Sumarjo , Siswo Atmojo, Sudarmi, Rukinah Sastro Widagdo Lan Suradal, R mangun Atmojo tilar donya tahun 1967 dipun makamaken wonten ing Makam Gede Semugih.

## **Paprintahan Kaping 2 ( kalih )**

### **Lurah Raden somo Taruno**

Paprintahan Desa Semugih saklajengipun inggih punika ingkang asmo R. Somo Taruno kanthi tatacara dipun angkat Dening Asisten Wedono karonu Lurah ingkang sepisan sampun rumaos Sepuh, R. Somo Taruno, meniko kaleres Putranipun R, Mangun Atmojo ( Lurah Ingkang Sepisan ) Putra ingkang Nomer 2 ( kalih ) R. Somo Taruno ngemban Paprintahan minangka Lurah Semugih Ingkang kaping 2, watawis 1 tahun saking tahun 1942 dumugi tahun 1943. Sanadyan namung wetawis 1 tahun tata Paprintahanipun wonten ewah ewahan Rikala semanten Paprintahan punika ing Jaman penjajahan Jepang, Warga masyarakat sawetawis pikantuk ngelmu babagan olah bela Kanuragan lan Bela nagari.

Adat tradisi ingkang lumampah jaman semanten taksih nglajengaken jamanipun leluhur inggih menika rasul warga ngawontenaken pasang pasren, panjang ilang, saha damel krapyak wonten ing Taneman Ingkang dipun Uri uri ngatos Ageng kadasta kajeng Ringin lan Kajeng Wungu lan Kajeng Dawung ingkang kajeng Puniko Taksih Enggo Sepriki. Ugi wonten Petilasan ingkang dipun uri uri kadasta patilasan Majapahit lan patilasan Maling Genthiri

Wekdal semanten Desa Semugih ngadahi wilayah Padukuhan : Karangwetan, Purworejo, Semugih, Gandu, Kemesu, Kerdonmiri, Baran, Bendorubuh, Semampir, Kemiri lan Ploso Cacah 11 padukuhan sami rikolo Paprintahan Lurah ingkang Kapisan. R. Soma Taruno kagungan Putro 3 inggih puniko , Suharti, Partinah, lan Sumiyanto sak derengipun dados lurah R Somo Taruno dados Dukuh wonten ing Kemesu, naming kemawon nyepeng Peprentahan nembe lumampah watawis 1 tahun langkung R. Somo Taruno sakit enggo tilar donya, dipun Sarekaken Wonten Ing makam Gede Semugih.



Gambar 2. 1 Makam R. Mangun Atmojo lan R. Somo Taruno

### **Paprintahan Kaping 3 ( tiga )**



*Gambar 2. 2 Lurah R Pawiro atmojo*

R. Pawiro Atmojo meniko kaleres putranipun R Mangun Atmojo ( Lurah Kaping 1 ) putro ingkang Nomer 4, ngemban Paprintahan minangka Lurah Semugih ing jaman semanten dipun angkat dening Wedana. Anggenipun nyepeng Peprintahan lumampah nembe watawis 2 tahun Bangsa Indonesia Merdika, anggenipun Ngasto Paprintahan watawis 20 tahun, wiwit tahun 1943 dumugi 1963. Nata Paprintahan nengenaken babagan kapinteran warga masyarakat ingkang kasebat kawasisaning manungsa, mila kathah nindaaken ngudi ngelmu kawasisan. Kagem kemajenganipun Desa Semugih. Rikolo jaman semanten wilayah padukuhan ingkang cacahipun 11 dipun ngrembakaaken Dados 13 padukuhan Baran kapilah dados 2 Padukuhan inggih puniko baran Kulon lan Baran Wetan lajeng Padukuhan Purworejo Kapilah Dados 2 Padukuhan, Inggih Punika Purworejo lan Ngrombo. 13 Wilayah Padukuhan Kasebat antawisipun : Krangwetan, Purworejo, Semugih, Ngrombo, gandu, Kemesu, Kerdonmiri, Barankulon, Baranwetan, Bendorubuh, Semampir, Kemiri lan Ploso.

Peprintahan rikolo semanten ingkang mbiyantu Lurah ugi wonten ewah ewahan nami Jogoboyo dados Keamanan, Jogomirudo dados Makmur, ugi wonten Kaum lan sosial lan ugi Carik. Sak sampunipun ngancik tahun 1962 dipun wonteni kelembagaan, kawiwitan jumbedhulipun Dewan Perwakilan Rakyat Kalurahan Gotong Royong (DPR-KGR), lan Lembaga Sosial Desa (LSD). kangge nindakaken papritahan mapan wonten griyanipun R. Pawiro Atmojo ing Karangwetan. R Pawiro Atmojo kagungan putro cacah 9 ( Songo ) : Kartini, Suyitno, Sudarta, Suparsiki, Suhardi, Sri harsiki, Suroso, Supriyadi Lan Tejo Yuono, R, Pawiro Atmojo Tilar donya tahun 2004 kasarekaken wonten makam Keluarga ing Gunung Purworejo.

## Paprintahan Kaping 4 ( sekawan )



Gambar 2. 3 Lurah Ki Sutarta Sosro Pramujo

Paripurnanipun R. Pawiro Atmojo ingkang ngemban Paprintahan minangka Lurah Semugih ing jaman semanten inggih panjenenganipun Ki sutarta Sosro Pramujo, Nyepeng Peprentahan watawis 33 tahun, kawiwitan saking tahun 1963 dumugi 1996. Dumadinipun lurah Semugih ingkang kaping 4 meniko kanthi cara pilihan Rakyat langsung .

Sak sampunipun ki sutarto nindakaken peprentahan watawis 3 tahun kawontenan nagari kathah ewah ewahan sak sampunipun lumebet wonten ing jaman orde baru, kalebet Pranatan desa utawi kalurahan katah ingkang ewah katitik jumedulipun kelembagaan desa Kadasta : Lembaga Ketahanan Masyarakat Desa (LKMD), Lembaga Musyawarah Desa (LMD), Program Kesejahteraan Keluarga (PKK), Kelompok Tani Wanita (KTW), Kelompok Pendengar Pembaca dan Pirsawan (Kelompencapir), Karang Taruna, Kamra, lan Hansip.

Pengajeng PKK Rudilah ngawontenaken pelatihan keterampilan tata busana, lan tata boga kangge kemajenganipun para wanita Desa Semugih, dene babagan pertanian sampun gadhah ngelmu tani nanem pantun varietas unggul tahan wereng (VUTW) IR36 ingkang dipun suluh dening Petugas Penyuluh Lapangan. Babagan olahraga inggih menika bal tendang asring adon-adon tansah majeng. Babagan paprintahanipun, desa Semugih Sanget majeng pembangunanipun.

Jamanipun Ki Sutarta, taksih nglestantunaken babagan adat tradisi saha kabudayan, malah kepara ngrembaka ngantos saben Padukuhan tuwuh paguyuban-paguyuban seni budaya. Contonipun seni Karawitan, Kethoprak, reog, lan sakpiturutipun

dumugi anggenipun ngemban Paprintahan mboten mawi batesan wekdal, Lurah nggadahi jejibahan minangka pimpinan ing [desa](#), Ugi minangka Perangkat Daerah Kabupaten. Jejibahan Lurah nindaaken Paprintahan adedasar Peraturan perundang-undangan ingkang lumampah. Paprintahan rikala semanten lurah dipun bantu dening Sekretaris Desa, bagian Pemerintahan, Bagian Pembangunan, Bagian Kemasyarakatan, Bagian Umum lan Bagian Keuangan, sedaya wau kasebat Pamong desa. Lan ugi dipun bantu dening Dukuh Inggang Cacahipun 13 Padukuhan Kados Peprintahan sak derengipun. Papan Kangge nindakaen Peprintahan Mapan Wonten wewengkon Wilayah Padukuhan Karangwetan Kanthi Bangunan Griyo Joglo ingkang saklajengipun Pindah papan karena bade dipun bangun. Sanesipun Balai Desa ingkang Bentukipun Joglo ugi Kabangun Kantor Lurah lan kantor Pamong desa ingkang papan punika taksih kalajengaken ngantos sak punika mapan ing wewengkon Padukuhan Karangwetan.

Ki Sutarta kendel nyepeng peprintahan tahun 1996, Kagungan putro 6 ( enem ) inggih Puniko : Dwi Harjo, Haryatiningsih, Slamet Hartono, Suprihatin Haryatun, Sri Sulastrini Ning Rahayu lan susi Haryani Triwahyuni. Ki Sutarta tilar donya 22 Juni tahun 2010 dipun sarekaken ing makam keluarga pucangranggon.

## **Paprintahan Kaping 5 ( gangsal )**

### **Ki Suparma.**

Pariপুরnanipun Ki Sutarta Sosro pramujo ingkang ngemban Paprintahan minangka Kepala Desa Semugih kalajengaken Ki. Suparma taksih ing jaman Ordebaru ngancik Jaman Reformasi Nyepeng Paprintahan laminipun 8 tahun awit karena aturan per Undang Undangan, kawiwitan saking tahun 1996 dumugi Tahun 2004, kanthi tatacara pilihan langsung nyoblos gambar symbol, Pilihan katindaaken wonten ing Pendhapa Bale Desa Semugih.

Rikala semanten kabiyantu dening para prangkat desa kasebat Sekretaris Desa, Kabag, Kaur, Dukuh saha Staf. Piyambakipun nindakaken jebikahan kanthi lumampah Sae, ing tahun 1996 dipun adani rehab pendhapa balai desa, ugi rehab lan Pembangunan Balai Padukuhan kanthi panyengkuyunganipun saking Program Kesejahteraan Anak dan Keluarga (PKAK) saha gotong royongipun masyarakat. Program ingkang katindakaken wontenipun pemasangan jaringan listrik kaliyan toya saking bribin. Babagan perekonomian nindakaken program penggemukan ternak : Sae Ternak Lembu lan ternak Kambing, ugi damel papan hijauan pakan ternak. Babagan Paprintahan lembaga ingkang mbiyantu LMD (Lembaga Masyarakat Desa), dene Lembaga sosial kemasyarakatan ingkang paring pambiyantu kawastanan LKMD (Lembaga Ketahanan Masyarakat Desa), RT, RW, PKK, lan Karang Taruna. Nanging wonten ing tahun 2002 Wonten Ewah ewahan nami kelembagaan , LMD gantos BPD ( Badan Perwakilan Desa ) ingkang Pengangkatanipun kanthi tata cara Pemilihan langsung Masyarakat, Nami Dukuh pun Gantos Kepala Dusun, Padukuhan pun gantos Dusun, LKMD pun gantos nami LPMD ( Lembaga Pemberdayaan Masyarakat Desa ) inkang mbiyantu Kepala Desa Tambah Sekretaris BPD.

Olah kridhaning Para Wanita dipun sesepuhi dening Dwi Kuntari Asih pinangka Ketua PKK, nderek majengaken programipun paprintahan ngengingi kaprigelanipun Kaum Wanita. Ki Suparma kagungan Putra 2 ( Kalih ) inggih Punika Hambodo Putro Raharjo lan Abilowo Yudo Raharjo.

## Paprintahan ingkang kaping 6 ( Enem )



Gambar 2. 4 Kepala Desa Sugiyarto, SPd.

Ki. Sugiyarto lair ing Gunungkidul 11 Mei 1957, nyepeng Paprintahan ing tahun 2004–2014, Dados kepala desa ingkang kaping 6 pilihan rakyat secara langsung kanthi nyoblos gambar calon. Anggenipun nindaaken Paprintahan kasengkuyung lembaga desa ingkang wonten, inggih punika BPD (Badan Perwakilan Desa ) saklajengipun karubah dados BPD ( Badan Permusyawaratan Desa), babagan pembangunan wonten LPMD (Lembaga Pemberdayaan Masyarakat Desa), RT, RW, PKK, lan Karang Taruna.

Lampahing paprintahan majeng babagan pembangunan fisik dalan aspal, cor blok, talud, lan jalan usaha tani ingkang makaryo sesarengan *Program Nasional Pemberdayaan Masyarakat Mandiri Perdesaan (PNPM-MP)* Kabetahan warga tumrap Hak milik siti dipun wonteni program persertipikatan tanah sacara *massal* kanthi cacah kirang langkung 850 bidang, Kangge 13 Padukuhan Babagan pawiyatan, mbangun sekolah Taman Kanak-Kanak (TK) lan Pendidikan Anak Usia Dini (PAUD). Ugi kerja sama kalian *Program Nasional Pemberdayaan Masyarakat Perkotaan* ingkang programutamanipun Penataan Lingkungan Permukiman berbasis Komunitas ( PLPBK ) ing antawisipun Pembangunan Gudang Penampungan Ketela, Tugu PLPBK, Sow Room, Saluran air, Talud, Kandang komunal, Jamban keluarga, Sanitasi terpadu, Pos jaga, Rehab Rumah Tidak layak huni lan Gedung Pengolahan Mokav lan kasava.

Olah kridhaning Para Wanita dipun sesepuhi dening Jumiyati pinangka Ketua PKK, nderek majengaken programipun paprintahan ngengingi kaprigelanipun kaum wanita ngantos 2007 awit Ibu Jumiyati Sakit lan tilar donya sakenggo Kalajengangkan Ibu Sukarsi dumugi Tahun 2010, kalalajengaken malih Ibu Ismiyati Minongko ketua Tim Penggerak PKK dumugi Tahun 2014 Lampahing

tata Peprintahan Desa Semugih lir gumanti, tambahing Wargo ing wewengkon Padukuhan, sangsaya kathah nggambaraken bilih Semugih tansaya ngrembaka lestantun kemajenganipun.

Ki Sugiyarto,SPd. Lereh nyepeng peprentahan tahun 2014 kagungan Putro 2 : Eka Wahyuningsih lan Wahyu Agus Widodo. Peprentahan Dipun lajengan Ki Suharyadi SIP, minangka Pejabat Kepala Desa Semugih watawis 1 tahun 2014 - 2015 , ing sak lajengipun wulan Desember 2015 Ki Sugiyarto, SPd. nyalonaken Malih wonten ing pilihan langsung Masyarakat kanthi nyoblos tanda gambar calon kanyata kapilih malih dados Kepala Desa Pereode 2016 -2021 nyepeng Paprentahan ingkang kaping 7 ( Pitu ).

## Kawontenan Kabudayan

### a. Griya kuno

Warga taksih nglestantunaken griya kuno joglo, limasan, kampung saking warisan jaman rumiyin. Kajeng ingkang dipun ginaaken damel griya kasebat *Kajeng Jati*.



Gambar 1.6 *Griya Joglo lan Kampung.*

Owah-owahan jaman griya ingkang wonten Semugih sapunika sampun wonten ingkang ribah saking jaman rumiyin. Wonten model griya Paris, ingkang niru saking mancanagari. Tatacara damel griya mawi tembok, murih aman lan awet naming ugi taksih katah griyo joglo, limas an lan Kampung ingkang kabangun pun lestarekaken.

## b. Tradisi adat

Tatacara ingkang katindaaken pinangka adat tradisi mertandhani raos syukur dumateng Pengeran kanthi wujud Kirim dongo, Gumbregan lan Rasulan. Adat gumbrekan menika katah katahipun mendet dinten Selasa wage wuku Gumbrek . warga sami damel Kopat, Jadah, lan goreng Cengkaruk ( goreng beras ) kupat lan jadah sanesipun dipun teda Warga ugi Kangge makan Raja kaya kados dene : Bebek iwen , kebo, Sapi, Menda lan sanesipun



Gambar 1.7 Tradisi gumbregan

Tradisi sanesipun ugi wonten ziarah dateng makam leluhur pratandha asung pandonga dumateng Gusti tumrap gesangipun lan asung Pandonga ingkang sampun seda ugi ngiras pantes ngormati kaliyan para leluhur ugi para pahlawanipun



Gambar 1.8 tradisi nyekar

Bersih Dusun ingkang kasebat Rasulan lan ugi wonten ingkang mastani Merti Desa, taksih dipun lestantunaken dumugi sakpurnika katitik saben Padukuhan ngawontenaken tradisi rasulan piyambak piyambak, inggih saking semangatipun masyarakat anggenipun bade memetri budoyo luhur. Wonten ing acara rasulan meniko Masyarakat ngawontenaken mawarni warni kegiatan inggih menika Pentas seni Kesenian Tradisionil kados Dene Wayang kulit, Kethoprak, Reog, Jathilan, karawitan lan ugi ngawontenaken kirab budaya. Sanesipun puniko masyarakat ugi damel Gunungan saking hasil wulu wetu bumi antawisipun : kacang panjang, timun, Lombok, terong, tomat, pisang, lan sanesipun, namungo ugi katah bentuk gunungan sanes ingkang damel bentuk Tempat Ibadah, kewan, pesawat, pahlawan jumbuh kaliyan kawontenan jaman. Ugi damel tumpeng ingkang dipun dongani sareng sareng lan nyenyuwun wonten ngarsanipun Gusti mugi mugi kawontenan masyarakat tansah oyom ayem toto titi tentrem anggenipun among tani hasilipun tansah melimpah lan tansah bagas waras. Sedaya wau dipun arak mubeng ing jalan lingkar padukuhan lan lan lumbet ing bale Padukuhan ingkang pun wastani Kirab budaya milo anggenipun macak ugi kejawen.



Gambar 1.9 kirab budaya lan gunungan .

c. Kesenian

Seni lan budaya ingkang misuwur ing wewengkon Semugih inggih punika seni tradisional reog, jathilan, kethoprak, Karawitan, ugi wayang kulit lan Srandul.



Gambar 1.10 wayang kulit Lan Seni Ketoprak.

Taksih katah malih kesenian ingkang taksih dipun lestantunaken wonten ing Desa Semugih antawisipun Reog, Jathilan, orkes kroncong, campur sari, malah kepara ing tingkat Kecamatan sampun pinten pinten tahun dipun wontenaken lomba jatilan lan lomba reog ingkang 8 Desa sedaya sami andil wonten ing ajang perlombaan.



Gambar 1.11 *Seni Jathilan.*

Seni ingkang sesambetan kaliyan keamanan ugi sarana njagi keamanan lan katentreman lingkungan seni tradisional thek-thek kanthi ngungelaken kenthongan lan sesekaran ingkang jumbuh kaliyan kawontenan katentreman warga masyarakat. Seni tradisional sanesipun ingkang awujud sastra inggih punika geguritan, sesorah, tembang macapat ngemu raos panuntun lan paugeran gesang. Seni tradisional ingkang olah wiraga, wirama, wirasa, wirupa lumampah wujud beksan klasik punapa kreasi. Saking seni tradisi punika, nggadahi piguna tumraping gesangipun masyarakat. Seni ingkang nggegulang babagan karohanen tuladhanipun saking terbangun, sholawatan, hadroh, kekidungan, pepudyan.

## Warisan Pusaka

Pusaka minangka sipat kandel para leluhur ingkang taksih karukti dumugi jaman sapunika antawisipun Tumbak, Pedang, Pusaka Keris. Kanyata ing saben wulan Sura dipun jamasi supados kawontenan pusaka kajagi pamoripun. Tradisi punika saking para Empu lan poro winasis jaman rumiyin, wondene tatacaranipun kanthi uba rampe toya krambil, jeruk, warangan.



Gambar 1.12 Keris lan tumbak.

## Dolanan Tradisional

Para lare sami remen dolanan gobag sodor, egrang, benthik, ganepo, gatheng, bekelan, dhakon, lan sundha mandha ingkang taksih lestantun dumugi sapuniko antawisipun Dolanan Egrang dumugi sak menika taksih pun lombakaken, saben pengetan dinten Kamardikan Republik Indonesia taksih pun wonteni lomba lan Karnaval sae karnaval pembangunan lan karnaval budaya

Saben tahun wonten kemajenganipun babagan Paprintahan, pembangunan, kesehatan, kemasyarakatan, olah tani ingkang ka-ereh dening pamong praja ingkang wasis kanthi lir gumanti miturut paugeran ingkang lumampah. Saking andharan, katrangan lan prastawa ingkang sinerat punika kasedya saget mahanani seserepan babagan kawontenan Desa Semugih, ugi dipun ginakaken kangge njelasaken dumateng para pamaos mangertosi kawontenan sakyektosip

# Paprintakan Padukuhan

## 1. Padukuhan Karangwetan.

Padukuhan Karangwetan sampun lumampah wiwit Paprintahan Desa ingkang 1 Jaman Lurah R. Mangun Atmojo inkang nyepeng Dukuh Wonten Karangwetan ngatos sak meniko sampun gantos kaping 7 ( pitu ) inggih meniko : Ki Tro Wijoyo, Ki wono Wijoyo, Ki Atmo Sugiyo, Sastro Suwito, Ki Warno Sentono, Ki Suropto ( Minongko Pejabat Dukuh ) lan Ki Suparman. Dukuh 1 ( sepisan ) ngantos Dukuh kaping 5 ( gangsal ) Anggenipun sami dados dipun angkat dening Lurah. Sak sampunipun meniko Dukuh Ki Suparman kanti tata cara pilihan langsung Masyarakat. Kesenian ingkangdipun pepetri wonten ing padukuhan mriki : Karawitan, wayang kulit, Ketoprak, Jatilan,

Ing Padukuhan Karangwetan menika kapapanan : Balai Padukuhan, Balai Desa, UPK Danamas, UPK BKM Mandiri, BUMDES Guyup Rukun, Masjid, Gereja, SD kerdonmiri 2, SMA 1 Rongkop lan Kantor Polisi Sektor ( POLSEK )

## 2. Padukuhan Puworejo.

Padukuhan Purworejo ugi sampun lumampah wiwit Paprintahan Desa ingkang 1 Jaman lurah R. Mangun Atmojo inkang Nyepeng Dukuh Wonten Purworejo inggih meniko : Ki Harjo Sudarso, Ki Ngadiyono lan Ki Tumino. Dukuh 1 ( sepisan ) ngantos Dukuh Kaping 2 ( Kalih ) Anggenipun sami dados dipun angkat dening lurah. Sak sampunipun Meniko Dukuh Ki Tumino kanti tata cara pilihan langsung Masyarakat. Adeging padukuhan Purworejo ingkang sepisan wilayahipun ngantos dumugi Ngrombo saklajengipun jamanipun lurah R. Pawiro Atmojo, Ngrombo pun dadosaken Padukuhan piyambak. Kesenian ingkang dipun pepetri wonten ing padukuhan mriki : wayang kulit, Jatilan, Ing Padukuhan Purworejo meniko wonten Fasilitas Ekonomi lan Umum inggih Meniko : Masjid, Balai Padukuhan, Gedung lan Mesin Mokav/Kasava, Kebun Buah, Telaga, Lapangan Olah Raga Lan Kandang Komunal/ Kelompok.

## 3. Padukuhan Semugih.

Nami Semugih estunipun katah pemanggih ingkang sedaya gadah lelandesan piyambak piyambak salah setunggalipun nyariosaken bilih jaman rumiyin sak derengipun Semugih namipun Glagah jaman semanten wonten porowali ingkang lumampah dumadakan mampir dateng salah setunggaling Warga lan nyuwun toya bade dipun unjuk warga kolo wau ngendika menawi gadah nanging sejatosipun mboten gadah awit jaman semanten awis Toya lajeng mendet kendhi nanging kendhi mboten woten isinipun Toya bade pun caosaken nanging porowali wau ngendika Jebulane Wong kene iki “ Semugih “ wiwit semanten nami glagah dados Semugih. lumampah wiwit Paprintahan Desa ingkang 1 Jaman lurah R. Mangun Atmojo inkang Nyepeng Dukuh Wonten Semugih inggih meniko : Ki

Karto Pawiro, Ki Pawiro Karminto, Ki Wardi minangka Pejabat Dukuh, Ki Suraman lan Ki Sukisno. Dukuh 1 ( sepisan ) ngantos Dukuh kaping 3 ( tiga ) Anggenipu sami dados dukuh dipun angkat dening Lurah. Sak sampunipun Meniko Dukuh Ki Suraman kanti tata cara pilihan langsung Masyarakat lan Ki Sukisna kanti tata cara ujian Penyaringan. Ing Padukuhan Semugih ugi kapapanan : PAUD Non Formal kalia PAUD Formal Negeri. Masjid, Balai Padukuhan. Kesenian ingkang dipun pepetri wonten ing padukuhan Semugih : Karawitan, wayang kulit, Ketoprak, Jatilan lan Reog. Papan kangge pepanggihan lan makempal Warga wapan wonten ing Balai Padukuhan.

Katah Legenda ingkang Mapan Wonten ing Padukuhan Semugih menika antawisipun : Majapahit, Maling Genthiri, Kali Jero, Goa Braholo lan Masjid Tiban. manut cerita Rumiyan Masjid tiban menika mapan Wonten wana ingkang kasebat alas Migit ingkang wonten sak kilenipun Padukuhan Semugih lajeng Masjid dipun pindah dening Warga dateng Padukuhan ingkang taksih dumugi sak menika, nurut critanipun Masjid menika saget kamot tiyang sak katah katahipun, namung sampun dipun Bangun ingkang sak menika dados masjid Al Iklas.

#### **4. Padukuhan Ngrombo.**

Padukuhan Ngrombo sampun lumampah wiwit Paprintahan Desa ingkang 3 Jaman lurah R. Pawiro Atmojo inkang Nyepeng Dukuh Wonten Ngrombo inggih meniko : Ki Darmo Sentono, Ki Songko Ki Suparso minangka PJ Dukuh lan Ki Sukirno. Dukuh 1 ( sepisan ) ngantos Dukuh Kaping 2 ( Kalih ) Anggenipun sami dados dukuh dipun angkat dening Lurah. Sak sampunipun Meniko Dukuh Ki Sukirno kanti tata cara pilihan langsung Masyarakat. Jaman semanten sak derengipun madeg padukuhan piyambak Ngrombo mlebet Wilayah Padukuhan Purworejo saklajengipun jamanipun lurah R. Pawiro Atmojo, Ngrombo pun dadosaken Padukuhan piyambak. Papan kangge pepanggihan lan makempal Warga wapan wonten ing Balai Padukuhan.

Kesenian ingkang dipun pepetri wonten ing padukuhan Ngrombo : Karawitan, wayang kulit, Jatilan. Panggesangan padintenan warga ing Padukuhan Ngrombo sanesipun Petani lan Peternak Ugi katah ingkang Penjahit Satemah sebagian ageng, Padukuhan Ngrombo saget pun wastani Kampung Konveksi.

#### **5. Padukuhan Gandu..**

Padukuhan Gandu mapan wonten perangan Desa Semugih sisih Ler inkang sampun berbatasan Kaliyan desa Karang wuni lumampah wiwit Paprintahan Desa ingkang 1 Jaman lurah R. Mangun Atmojo inkang Nyepeng Dukuh Wonten ing Gandu inggih meniko : Ki Gongseng/Genot, Ki Wongso Dimejo, Ki Ngadiman, Ki Sandiman , Ki Sugiyono minangka Pejabat Dukuh lan Ki Tohari. Dukuh 1 ( sepisan ) ngantos Dukuh Kaping 4 ( Sekawan ) Anggenipun sami dados dukuh dipun angkat dening Lurah. Sak sampunipun Meniko Dukuh Ki Tohari kanti tata cara pilihan langsung Masyarakat. Papan kangge

pepanggihan lan makempal Warga Mapan Wonten ing Balai Padukuhan. Kesenian ingkang dipun pepetri wonten ing Padukuhan Gandu : Karawitan, Ketoprak, Jatilan lan Samroh.

#### **6. Padukuhan Kemesu**

Padukuhan Kemesu mapan wonten perangan Desa Semugih sisih Ler Wetan inkang sampun wewatesan kaliyan Desa Karang wuni lumampah wiwit Paprintahan Desa ingkang 1 Jaman lurah R. Mangun Atmojo. inkang Nyepeng Dukuh Wonten ing Kemesu inggih meniko : R. Somo Taruno, Ki Reso Suwita/Tumpo, Ki Sutiyo, Ki Sugiyono minangka Pejabat Dukuh lan Ki Sugiyanto. Dukuh 1 ( sepisan ) ngantos Dukuh Kaping 3 ( Tiga ) Anggenipun sami dados Dukuh Kanthi cara di pun angkat dening Lurah. Sak sampunipun Meniko Dukuh Ki Sugiyanta kanti tata cara pilihan langsung Masyarakat. Kesenian ingkang dipun pepetri wonten ing padukuhan Kemesu : Tayup, Jatilan. Papan kangge pepanggihan lan makempal Warga wapan wonten ing Balai Padukuhan.

#### **7. Padukuhan Kerdonmiri**

Padukuhan Kerdonmiri mapan wonten perangan Desa Semugih sisih tengah, sampun lumampah wiwit Paprintahan Desa ingkang 1 Jaman lurah R. Mangun Atmojo inkang Nyepeng Dukuh Wonten ing Kerdonmiri inggih meniko : Ki Ahmat Marjan, Ki Iman, Ki Syamsuri, Ki Paryana lan Ki Karunia Yulianta. Dukuh 1 ( sepisan ) ngantos Dukuh Kaping 3 ( tiga ) Anggenipun sami dados dukuh dipun angkat dening lurah. Sak sampunipun menika Dukuh Ki Paryana kanti tata cara pilihan langsung Masyarakat lan ki Karunia Yuliyanta Kanti Tata cara Ujian Penyaringan. Wonten ing Padukuhan meniko mapan mapinten pinten Fasilitas Pendidikan Lan Fasilitas umum lan Fasilitas Ekonomi. Kados dene Sekolah TK, SMP Negeri, SMP Bhinakarya, SMK Bhinakarya, KSPP, KUD, Alfa Mart, Toko Bangunan/ Kelontong, Warung Makan lan Bank Rakyat Indonesia ( BRI ),

#### **8. Padukuhan Baran Kulon.**

Padukuhan Baran Kulon. mapan wonten perangan Desa Semugih sisih tengah, sampun lumampah wiwit Paprintahan Desa ingkang 1 Jaman lurah R. Mangun Atmojo ngantos dipun Palih dados 2 Padukuhan Kaliyan Baran Wetan, inkang Nyepeng Dukuh Wonten ing Baran Kulon inggih meniko : Ki Bayan, Ki Sutoyoso, Ki Suro Wijoyo, Ki Rakina lan Suhartini. Dukuh 1 ( sepisan ) ngantos Dukuh kaping 3 ( tiga ) Anggenipun sami dados dukuh dipun angkat dening lurah. Sak sampunipun Meniko Dukuh Ki Rakina lan Suhartini kanti tata cara pilihan langsung Masyarakat. kawontenan Budaya ingkang taksih lestantun ugi katah kados dene Ketoprak, Wayangkulit, Reog lan Karawitan .

Wonten ing Padukuhan meniko mapan mapinten pinten Fasilitas Pendidikan Lan Fasilitas umum lan Fasilitas Ekonomi. Kados dene Sekolah PAUD, TK, LPK, Kantor Kecamatan, Bang Daerah Gunungkidul (

BDG ) , Koperasi Pegawai Negeri (KPN), Bang Shinta Daya, Bank Pembangunan Daerah ( BPD ), Toko Bangunan/ Kelontong, Warung Makan lan Pasar Tradisional

#### **9. Padukuhan Baran wetan**

Padukuhan Baran wetan mapan wonten perangan Desa Semugih sisih Tengah Wetan inkang sampun berbatasan Kaliyan desa Karang wuni lumampah wiwit Paprintahan Desa ingkang Kaping 3 Jaman lurah R. Pawiro Atmojo inkang Nyepeng Dukuh Wonten ing Baran wetan inggih meniko : Ki Dirjo Sumarto, Ki Darmo Suwito, Ki Suratin, Ki Kasiman, Ki Suharsa lan Ki Sarmana. Dukuh 1 ( sepisan ) ngantos Dukuh Kping 3 ( Tiga ) Anggenipu sami dados dukuh dipun angkat dening lurah. Sak sampunipun Meniko DukuhKi Kasiman kanthi tata cara pemilihan langsung Masyarakat, Dukuh Ki Suharsa lan ki Sarmana kanthi Ujian penyaringan.

Kesenian ingkang dipun pepetri wonten ing padukuhan Baran Wetan : Karawitan, wayang kulit, Ketoprak, Reog lan Orkes kroncong. Papan kangge pepanggihan lan makempal Warga wapan wonten ing Balai Padukuhan.

#### **10. Padukuhan Bendorubuh**

Padukuhan Bendorubuh mapan wonten perangan Desa Semugih sisih Tengah Wetan inkang sampun berbatasan Kaliyan desa Karang wuni lumampah wiwit Paprintahan Desa ingkang Kaping 1 Jaman lurah R. Mangun Atmojo inkang Nyepeng Dukuh Wonten ing Bendorubuh inggih meniko : Ki Wiryanto Sentono, K Tukino, Ki Wardo Suwito lan Ki Ngatman. Dukuh 1 ( sepisan ) ngantos Dukuh Kping 3 ( Tiga ) Anggenipu sami dados dukuh dipun angkat dening lurah. Sak sampunipun Meniko Dukuh Ki Ngatman kanthi Tata cara Ujian Kelulusan.

Kesenian ingkang dipun pepetri wonten ing padukuhan mriki : Karawitan, wayang kulit, Jatilan. Papan kangge pepanggihan lan makempal Warga wapan wonten ing Balai Padukuhan.

#### **11. Padukuhan Semampir**

Padukuhan Semampir mapan wonten perangan Desa Semugih sisih Kidul inkang sampun Watesipun Sisih Kilen Kaliyan desa Pringombo, Sisih kidul kaliyan Desa Nglindur Kecamatan Girisubo lan sisih wetan Kaliyan Desa Melikan lumampah wiwit Paprintahan Desa ingkang Kaping 1 Jaman lurah R. Mangun Atmojo inkang Nyepeng Dukuh Wonten ing Semampir inggih meniko : K Suwito Hajo, Ki Pawiro Taruno, Ki Mento Kariyo lan Ki Suyata. Dukuh 1 ( sepisan ) ngantos Dukuh kaping 3 ( tiga ) Anggenipu sami dados dukuh dipun angkat dening lurah. Sak sampunipun meniko Dukuh Ki Suyata kanthi tata cara ujian Penyaringan. Ing Padukuhan Semampir Meniko wonten Pasar Kewan ingkang lumampah saben Pasaran Pon ( 5 dinten sepisan ). Kesenian ingkang dipun pepetri :

Karawitan, wayang kulit, Ketoprak, Jatilan. Padukuhan Semampir Meniko katah Legenda antawisipun Watu Nganten, Watu Dukun lan Cagar Budaya Song Triris.

## **12. Padukuhan Kemiri**

Padukuhan Kemiri mapan wonten perangan Desa Semugih sisih Tengah. lumampah wiwit Paprintahan Desa ingkang Kaping 1 Jaman lurah R. Mangun Atmojo inkang Nyepeng Dukuh Wonten ing Kemiri inggih meniko : Ki Sarino, K Arjo Suwito , Ki Sukiran Lan ki Surajiyanta. Dukuh 1 ( sepisan ) ngantos Dukuh Kping 2 ( Kalih ) Anggenipu sami dados dukuh dipun angkat dening lurah. Sak sampunipun Meniko Dukuh Ki Sukiran kanti tata cara pilihan langsung Masyarakat lan Ki Surajiyanta kanthi tata cara Ujian penyaringan. Kesenian ingkang dipun pepetri wonten ing padukuhan mriki : Karawitan, , Ketoprak, Jatilan lan Samroh. Papan kangge pepanggihan lan makempal Warga wapan wonten ing Balai Padukuhan.

## **13. Padukuhan Ploso.**

Padukuhan Ploso mapan wonten perangan Desa Semugih sisih Kidul kilen inkang sampun berbatasan kaliyan desa Pringombo lan Desa Petir lumampah wiwit Paprintahan Desa ingkang kaping 1 Jaman lurah R. Mangun Atmojo inkang nyepeng Dukuh Wonten ing Ploso inggih meniko : Ki Atmo Soyo, Ki Warso lan Ki Saqri Amsori. Dukuh 1 ( sepisan ) ngantos Dukuh kaping 2 ( kalih ) Anggenipun sami dados dukuh dipun angkat dening Lurah. Sak sampunipun meniko Dukuh Ki Saqri Amsori Kanti Tata cara pilihan langsung Masyarakat. Kesenian ingkang dipun pepetri wonten ing padukuhan Ploso : Srandul, Jatilan Lan Samroh. Papan kangge pepanggihan lan makempal Warga wapan wonten ing Balai Padukuhan.

## SEMUGIH SENGKUT MAKARYO

*“ Ayo ayo kanca kanca ngayahi karyaning praja kene kene gugur gunung tandang gawe sayuk sayuk rukun bebarengan karo kancane lilo lan legawa kanggo mulyaning Negara “*

Semugih sengkut Makaryo puniko kedadosan saking turun temuruning pamangku Paprentahan Wiwit Paprentahan sepisan dumugi sakmenika sampun kapin 7 (Pitu ) inggih saking R, Mangun Atmojo lurah ingkang kaping 1 dumugi sakmenika lurah Sugiyarto. Wewengkon Desa Semugih dumugi sakmenika Wonten 13 (tiga welas) padukuhan. ingkang warganipun lan Paprentahanipun sami nggayuh gesang linambaran manembah dhumateng Gusti. Sami Sengkut Makarya satemah kemajengan Masyarakat lan Paprentahan Ketingal mekar, ngremboko Katitik saking Kemajenganipun sae babagan Kapitadosan, Pawiyatan, ekonomi, Paprentahan lan Pembangunan pisik.

### **Kemajengan Kapitadosan**

Panguwaosipun Gusti sanget karaos dening kawulanipun uger celak lan sumarah nindakaken dhawuhipun. Sedaya manungsa sejatosipun saget manggihaken gustinipun ngagem tatacara gesang kasukman ndayani tumrap katentreman gesangipun, mila manungsa kedah manungkul ing saklebeting pandonga.

Gesang manungsa kedah nggadahi wateg unggul saking kekiyatan nafsu ingkang cengkah kaliyan paugeran. Warga Semugih ugi wonten ingkang nindakaken kejawen ingkang paring piwucal dumateng manungsa supados tatag, teteg, tangguh, tanggon ing peperangan kanthi laku prihatin, 4 perangan kagambaraken ungeling gangsa saking kempul, kenong lan bonang ingkang ngedalaken suwanten : 1. Nung; tegesipun meneng, sadar utawi niat kangge nindakaken tirakat, semedi, ngakeni bilih gusti meniko ingkang darbe panguwaos wonten ing jagad lan saisinipun. 2. Ning; tegesipun ngeningaken cipta rasa sumarah dumateng Gusti kanthi golong giliging manah, uger saget sesambetan kalian gusti kanthi wening ing manah. 3. Nung; tegesipun kesinungan. Inggih menika soksintena tiyang ingkang nindakaken *neng* kaliyan *ning*, badhe manggihaken kasinungan (kapilih lan pinilih) saget nampi wahyu saking gusti ingkang maha suci, saget nindaaken lampah utami migunani tumrap tiyang kathah. 4. Nang; tegesipun mppenang; tiyang ingkang nggadahi kawasisan babagan gesangipun, saget dados tiyang kapiji saha pinilih minangka pangemban pangembating Pamarintahan kanthi sae awit nindakaken pakaryan kanthi tanggeljawab.

Inkang Utami Warga masyarakat Semugih Sami nindakaken pangibadah, miterat agaminipun piyambak piyambak, papan pangibadah Se Desa Semugih : Masjid wonten 18, Gereja 1, Kapel 1 . Kegiatanin awujud safari tarweh, TPA, Pengajian rutin, syawalan, pengetan dinten ageng agami Islam,

agami Kristen, lan Agami Katholik ngawontenaken kegiatan ing gereja wujudipun ibadah biston, lan sekolah minggu, dene katekisasi lan misa kagem warga Katholik.

## **Piwucal lan Pawiyatan.**

Wontenipun irah-irahan ngelmu urip amargi ngelmu Jawi punika babagan nglampahi Gesang tumraping manungsa wonten ngalam donya. Punjering urip tumuju nglampahi gesang ingkang bener, becik lan pener murih saget titis ing pati. Tembung titis ing pati mboten ngrembak suwarga lan neraka, nanging langkung wigatos saget Mangsulaken sakabehing badan wadak ingkang mangun wujuding 'manungsa urip' marang sumbere dhewe-dhewe kanthi sampurna. Sing saka geni, lemah, angin, banyu bali marang sumbere kang 'azali'. Sing saka cahya lan teja ya bali marang sumber azaline. Dene sukma zat urip, ruh bali marang sukma kawekas guruning ngadadi, zat sejatining urip, kang awujud wadak nilaraken asmo ingkang sae kang saget tinulad dening para kawula dasih Menika Piwucal Jawi

Piwucal ngengingi 'ngelmu gesang' milanipun piwucal Jawi menika langkung anggatosaken babagan gesang sesarenganb kaliyan sak kathahing Titah. Ugi wonten Pepeling jawi menawi " Ngilmu iku kelakone Kanthi Laku " laku menika maknanipun/tegesipun bilih rikolo Semanten Papan pawiyatan meniko ugi tebih , Laku ugi saget pun tegesaken nglampahi prihatos awit mboten mesti wonten tetedan, paribasanipun gadah arto mboten wonten bakul , wonten bakul mboten gadah arto.

Nanging sesarengan kaliyan lampahing jaman lan pambudidaya Paprentahan ingkang lumampah ngudi ngilmu sak menika saben papan sampun kasediaaken papan Pawiyatan ingkang ngresepakan. Satemah kemajengan ing babagan pawiyatan menika ketinggal majeng katitik saking katahing jumlah tiyang ingkang saget lulus dumugi perguruan tinggi, ugi kathahing Sarana prasarana pawiyatan ingkang kabangun dening para para ingkang nyepeng Paprintahan.

Papan Pawiyatan ingkang wonten ing Desa Semugih antawisipun :Pendidikan Anak Usia Dini (PAUD) wonten 6, Taman Kanak-Kanak (TK) Wonten 6, Sekolah Luar Biasa ( SLB ) 1, Sekolah Dasar 3 , SMP wonten 2, SMA Wonten 1, SMK Wonten 1 lan taksih katambah Lembaga Pendidikan non formal Wonten 2. Warga kathah ingkang sampun mentas pawiyatan Sarjana, Wragat kangge ngentasaken pasinaon saking hasil wuluwetu bumi lan Raja Kaya ( Ternak ) ngantos anggenipun nyambut damel kanthi mepeng, tenggen lan mugen. Desa Semugih nate kagem penelitian babagan tanaman Ketela saking Universitas Gajah Mada (UGM), ugi wonten Penelitian lan Pendampingan Saking Lembaga ilmu Pengembangan lan Penelitian Industri, teknologi ( LIPPI ).

*“ Ing ngarso Sun Tuladha, Ing Madya Mangun Karsa, Tutwuri Handayani “ ( Ajaran Ki Hajar Dewantara )*

## Gesang InKang Mandiri.

Warga Semugih mranata jiwa lan roga, Kanthi Gesang sembada lan Mandiri. Supados Kita saget gesang sembada kedah emut dhawuhipun para sesepuh, sageta nglampahi 5 perkawis mila bakal pinaringan ati tentrem, penggalih padhang, gesang mulya lan Remen saking lair dumugi pupating yuswa, merdiko lair tulusing batos, slamet dunyo akhirat.

1. Kedah eling sangkan paraning dumadi (asal usule) lan kasampurnaning pati. Kudu eling marang Gusti Allah Maha Kuasa ingkang sampun ndadosaken manungsa lan jagat raya k Mila saking punika kita sedaya emut dumateng tiyang sepuh kekalih, Puta, Garwa, tangga tepalih, lan warga masyarakat. Sampun ngantos kita namung nindakaken ngibadah, kesupen kwajiban kita dhateng sesami. Kawontenan sak punika kathah tiyang ingkang sampun mboten nggatosaken tangga tepalih.
2. Kedah medal pados ilmu lan ngamalaken ngelmunipun, ketrampilanipun saha kaluwihanipun punapa kemawon. Kedah purun nyambut damel napa kemawon, hasilipun Kathah sekedikipun gumantung anggenipun nindakaken pedamelanlan pakaryan. Kanthi ngilmu, kaprigelan, kaluwihan sakestu masyarakat saget ngembangaken diri, damel lapangan pakaryan, ugi saget usaha menopo kemawon setemah kwontenan ekonomi meningkat lan Gesangaken saget Mandiri.
3. Kedah Eling Wayah awit tambah dinten tambah mangsa kedah emut Dateng Gesang Kita wonten Paribasan Namung mampir ngombe, tegesipun kita kedah samekta sak wanci wanci kita dipun timbale marah sowan Gusti. Mangga sami emut wayah dipun pilih punapa ingkang langkung penting lan kedah katindakaken dening gesang kita. Wayahipun sekolah kedah sekolah, wayahipun maem kedah maem, wayahipun ngamal kedah ngamal, lan sak panunggalanipun. Satemah wayahipun pados Pangupa jiwa sandang kalawan teda kedah pados kangge nyekapi kabetahan bale griya sakengga Gesangipun tansah sami sembada
4. Kedah benten Kaliyan Sanesipun leripun tembung Kedah Bente bilih kita kedah nggadahi pemanggih piyambak, nggadahi Tujuan piyambak mboten njagekaken tiyang sanes Wonten ungel ungel sampun ngantos enut grubyuk, Namung. Ing sak lebetipun jaman Mardika ugi mboten saget nggega kekajengaipun piyambak piyambak kedah tumut Paugeranipun Paprentahan. Kanthi nggadahi pemanggih ingkang kiyat satemah ugi njalari gesang kita tansah kiyat ngadepi kawontenan jaman lan kita saget gesang Mandiri
5. Kedah Waspada lan ngati ati dumateng ewah ewahan jaman mila warga kedah ubet Panggesanganipun mboten saget Namung Pertanian kedah saget ubet pados pangupajiwa kangge tambahan kacekapan Gesang kados dene : miara ternak, damel Industri rumah tangga, warungan, usaha Transportasi, kangge kacekapan modal masyarakat mboten Bingung malih sak wernining lembaga keuangan sedaya mapan wonten ing Desa Semugih kadasta : UPK BKM Madiri, UPK

Danamas, KSSP, BUKP, KPN, KUD, Bang Shinta Daya, Bang Pembangunan Daerah ( BPD ) Bang Daerah Gunungkudul ( BDG ) Bang Rakyat Indonesia ( BRI ) ugi katahipun papan kangge ningkataken Ekonomi kados dene : Warung Kelontong, Warung Makan, Toko Bangunan, Alfa Mart, Pasar Kewan, Pasar Tradisional, stemah ekonomi warga mindak kanthi cepet satemah sanadyan taksi wonte keluarga ingkang kacingkrangan ( Keluarga Miskin ) katah masyarakat ingkang sampun mapan lan mandiri

### **Sengkut Makarya Paprintahan.**

Paprintahan lumampah lir gumanti, visi misi pamengku wilayah satunggal lan satunggalipun benten, mboten sami. Visi Misi Lurah Sugiyarta,SPd. “ *Terwujudnya Masyarakat yang mandiri, Makmur, Sejahtera lahir dan batin belandaskan Iman dan Takwa terhadap Tuhan Yang Maha Kuasa ingkang sampun kaserat wonten Rencana Pembangunan Jangka Menengan Desa tahun 2016 – 2021. Kanthi Misi ingkang bade katindakaken : Pemerintahan Desa Semugih ingkang Sae lan resik, pengolahan saha pangrimat ingkang sae babagan Sumber Daya Alam, lan paprintahan ingkang tansah sesarengan guyup rukun kaliyan warga masyarakat, ningkataken Ekonomi Warga Masyarakat, Ningkataken sosial lan budaya, nyawisaken sarrana kangge informasi lan komonikasi ingkang cepet , lancar lan tebih jangkauanipun lan Majengaken babagan Keagamaan. Misi menika kacetha ing RPJMDesa (Rencana Pembangunan Jangka Menengah Desa), ingkang dados bonggol program desa antawisipun :*

1. Sarana Pamarintahan Desa, bangunan ingkang wonten inggih menika : ruang pelayanan Umum, Sekretariat, Ruang Kepala Desa, Ruang Tamu, pendapa, sekretariat lembaga-lembaga desa, perpustakaan, Ruang Gapoktan, Ruang Desa Siaga, Ruang Arsip, Ruang Samsat, Ruang Babinsa/ Babinkamtibmas, Dapur, Kamar mandi lan Mushola.



Gambar 3.1 Kantor desa Semugih

Sarana transportasi, alat transportasi ingkang dipun ginakaken warga masyarakat Desa Semugih pit onthel, motor, lan mobil.

Margi Desa Semugih awujud aspal, cor blok, margi lingkungan, malah sakmenika wonten margi dhateng wana ingkang kasebat *Jalan Usaha Tani (JUT)* murih saget ningkataken ekonomi warga.



Gambar 3.2 *Jalan Usaha Tani (JUT)*

2. Sarana kesehatan Desa Semugih Dokter Praktek wonten 2 mapan Padukuhan Karangwetan lan Baran kulon. Posyandu wonten 13 saben Padukuhan, saha Bidan Praktek Mandiri (BPM) ngladosi warga masyarakat ingkang nglairaken wonten 2 mapan ing Padukuhan Baran kulon lan Bendorubuh. Puskesmas Rongkop sandyan mapan wonten Desa Karangwuni nanging wonten ing sak tengah tengahing Desa Semugih. Apotik Wonten 2 Mapan ing Padukuhan Kerdomiri lan Baran Wetan. Perilaku Hidup Bersih dan Sehat (PHBS), masyarakat Ugi lumampah. Padukuhan Bebas asap rokok Karangwetan lan Semugih minangka uji coba saking UPT Puskesmas Rongkop. Desa Semugih sampun nindaken babagan menika ugi, pramila dipun bentuk Desa Siaga Ing taun 2012, Wonten Kegiatan Green and Klien babagan resesik lan pemilahan Sampah kanyata Padukuhan Baran Kulon pikantuk Juara Tingkat Kabupaten. Babagan sosial kemasyarakatan kegiatanipun mbiyantu ngrampungaken Penyandang Masalah Kesejahteraan Sosial (PMKS), warga pados Kartu jaminan kesehatan (KIS, JAMKESTA), nglantaraken alat bantu kagem warga disabilitas, saha pelatihan kaprigelan disabilitas. Kegiatan ingkang katindakaken: Program Keluarga Harapan (PKH), bantuan stimulan Jamban sehat.



Gambar 3.3 *Pembangunan Jamban Sehat*

Paguyuban kemasyarakatan lelados dhumateng warga awujud Wahana Kesejahteraan Sosial Berbasis Masyarakat (WKSBM), Karangtaruna, PKK, LPMD, LPMP, PSM, lan Tagana Tanggap bencana.

3. Masyarakat desa Semugih ugi nindaaken Bulan Bhakti Gotong Royong ing lingkungan Semugih. Ingkang dados kegiatan ibu-ibu wujud upacara prengetan dinten R.A Kartini, ugi nderek lomba koor, lomba senam, lan olahraga lan Jalan Sehat

4. Seni lan Budaya

Upacara adat ingkang lumampah ing Desa Semugih nglestantunaken ingkang katindakaen jaman rumiya dening masyarakat saha sakmenika perkawis menika kalampah upacara adat Rasulan ingkang juru kuncinipun saben Padukuhan nggadahi Jurukunci piyambak piyambak Jinising upacara adat : Rasul, gumbrekan, tingkepan. Babagan seni budaya ingkang wonten, Kethoprak, wayang kulit, beksan, jathilan, reog, karawitan, campur sari, rebana, gejok lesung. Desa Semugih ingkang nindakaken nglestantunaken tradisi lan budaya ingkang dipun dampingi saking dinas kebudayaan lan dewan kebudayaan kabupaten Gunungkidul lan ugi propinsi Daerah Istimewa Yogyakarta. Menggah ingkang dados kridha laksana/ kegiatan minangka Desa Rintisan Budaya , kegiatanipun gelar Lan Pentas Seni tahun 2012, mapan ing Lingkungan Gedung Kasava. Iaminipun 3 dinten 3 dalu Sedaya Seni ingkang wonten ing Desa Semugih saget andil wonten ing Kegiatan menika ngiras pantes ngresmekaken Gedung Pengolahan Mokav lan Kasava Dening Bupati Gunungkidul, rikala semanten ugi karawuhan saking Dinas Pariwisata Daerah Istimewa Yogyakarta. Kiprahipun Reog Singo Duto Bantarangin saking Padukuhan Baran kulon Desa Semugih satemah dipun tunjuk Makili Kabupaten Gunungkidul Majeng nderek Fistifal Reog tingkat Nasional wonten ing Ponorogo kaping kalih majeng lomba tahun 2010 lan tahun 2012.



Gambar 3.4 *Festival Reog Ponorogo*

##### 5. Babagan Pertanian

Pertanian ing desa Semugih cara ngolah lemah kanthi Sae, saprotan ingkang saget nyuburaken tanah mawi rabuk kandang, kawastanan pertanianipun sampun majeng pratandha wontenipun sekolah Lapang Pengelolaan Tanaman Terpadu (SLPTT). Babagan peternakan masyarakat sami ngingah :lembu, mendha, ayam kampung, Ayam Potong, lan ugi ayam Petelur.



Gambar 3.5 *Ternak Ayam Petelur*

warga ugi damel kelompok peternakan/ Kelompok Usaha Bersama (KUBE) cacahipun wonten 25 Kelompok, lajeng Kelompok tani wonten 13 kelompok, Kandang ternak Kelompok wonten 4 kelompok inking mapan wonten ing Padukuhan Purworejo, Baran kulon, Baran Wetan Lan Bendorubuh. Kelompok perikanan Telaga wonten 3 kelompok. Inking mapan ing Padukuhan Purworejo, Kemiri lan Padukuhan Kemesu



Gambar 3.6 *kelompok perikanan Telaga*

Budidaya taneman woh-wohan ing bulak Nduren Padukuhan Purworejo makaryo kaliyan Kelompok Tani Maju Mandiri lan dipun Dampingi Saking Bappeda lan Dinas Pertaian Kabupaten Gunung Kidul pikantuk Dana saking Pusat ingkang pun sebat Pemanfaatan Lahan Kritis Sumbr Daya Air Berbasis Masyarakat ( PLKSDA-BM ) ingkang wiyaripun lahan watawis wonten 4 hektar ingkang kadadosan lahan datar lan sak perenging pegunungan woh-wohan ingkang dipun Tanem antawisipun : Jeruk, Klengkeng Srikoyo lan Sirsat. Ing sak mangke hasilipun pun bagi Kelompok Tani kaliyan Pemerintah Desa Semugih. Kelompok Tani Maju Mandiri menika salah 1 ( Setunggal ) kelompok tani ingkang sampun gadahi Badan Hukum ( BH )



Gambar 3.7 *Kebun Buah*

Kangge menopang, ekonomi Desa Sanesipun awujud kios desa, Kios Pasar Desa, Show Room UPK BKM Mandiri, Bumdes Guyup Rukun, Gapoktan Gemah Ripah,

6. Katentreman lan ketertiban

Sarana kanggo nindaaken katentreman warga, damel Pos kamling kangge rondha, warga sami nindakaken rondha ing pos asring ngawontenaken thoklik, seserepan ngengingi ketrentreman lan ketertiban awit wontenipun babinsa menika petugas saking Koramil, Babinkamtibmas petugas saking Polsek ingkang ingkang dipun tugasaken ing desa Semugih. Mekaripun Pos Kamling Ugi Ketingal katitik Cacahipun setunggal Desa wonten 53 Papan saenggo saben Rukun Warga ( RT ) gadah Pos Kamling Piyambak piyambak. Saking Paprentahan Desa ugi wonten Pembinaan Perlindungan Masyarakat ( Linmas ) lan bantuan sarana orasarana kangge Linmas, cacahipun Linmas desa Semugih wonten 41 tiang,



Gambar 3.7 Pembinaan Perlindungan Masyarakat ( Linmas )

#### 7. Makarya kaliyan Program sanes

Paprintahan Semugih ingkang Makarya sareng Kaliyan BKM Madiri ingkang saget meraihi Bejana ( Reward ) Saking Pemerintah Pusat ingkang awujut Program Noto Deso ( ND ) kanthi bukti ingkang sampun kaleksanan Pembangunan fisik Babagan Penataan Lingkungan Pemukiman Berbasis Komunitas, kados dene Tugu/ Gapura PLPBK, Kandang Komunal, Show Room, Gedung dan Mesin Pengolahan Kasava/ Mokav. Saluran Air, Pembangunan Talud, Sanitasi Terpadu lan Pembangunan Jamban Keluarga lan Tugu PLPBK.



Gambar 3.9 Gapura kabangun ing Program PLPBK

Pamarintahan Desa Semugih tansah lumampah kanthi sae lan lancar, sengkut Makarya perangkatipun nindakaken jebikahan miturut tugasipun piyambak piyambak, BPD nindakaken fungsipun inggih dados mitra kerja, Pamarintahan Desa ugi nyengkuyung lampahing pembangunan, sumbang saran pemikiran lan kegiatan sosial kemasyarakatan. Paprintahan kang manjing ajor ajer,

guyup rukun, trengginas olah kridaning masyarakat, wargo saget gesang tumata pantes kasebut Semugih Sengkut Makarya..

## **waspada lan ngati ati**

Warga Semugih gesang kanthi raos manah ingkang neng ning nung nang, waspada Ngati ati pramila lampahing gesang saget tumata lan migunani tumrap Sesami, nusa bangsa lan Agami. Paribasan Jawi beja bejane wong kang lali isih luwih bejo wong kang eling lan waspada ngengetaken para warga supados gesang kanthi eling, waspada lan ngati jumbuh kalian ingkang nyengkal Semugih gadah pangajab sembada.

Kemajengan jaman sakmenika ndadosaken manungsa mundhak pinter lan mulur nalaripun, pramila menawi ngadhepi ukara ingkang kirang 'nalar' mboten sami kapilut awit saget ngemudheni dhiri awit sampun menep ing manah.

Pangaji ing budaya lan wateging manungsa pancen owah gingsir manut jaman ingkang kalampah. Ngelmu lan laku ingkang wonten ing piwulang jawi Katah Warninipun Katah lan gadah piguna piyambak piyambak. nanging umumipun gadah piguna kangge kepentinganing gesang. Kamangka wateging manungsa gesang ugi warni Warni. Wonten ingkang sakestu menggalihaken kangge kepentingan gesang sesarengan, nanging ugi kathah ingkang naming mentingaken dirinipun Piyambak sakenggo saget ngrusak babagan paprintahan. Inggih awit saking dukunganipun sedaya pihak sae Warga Masyarakat lan Perangkat Desa dumugi sak menika tansah Waspada lan ngati ati satemah mboten wonten ingkang nalisir saking paugeraning Gesang lan paugeraning Paprintahan.

Semugih Gumregut endah ing sinawang katon ijo royo royo, kawiwitan ingkang kapacak ing sebatan Semugih ingkang Sengkut Makarya turun temurun ing salajengipun ngantos sumebar ing 13 padukuhan saget lestantun tentrem awit sami gesang manambah ing Gusti ingkang Moho Agung kanthi gesang waspada lan Ngati ati murih saget nggayuh Semugih ingkang Gumbregut lan Sengkut Makarya.

Seratan adeging Desa Semugih menika seratan ingkang sepisan, pramila taksih betah bukti jaman rumiyen, lan pamanggih ingkang langkung lebet supados saget laras kalian ingkang dipun pikajengaken saget kangge pepeling, dipun pethik mupangatipun tumrap para kadang sedaya. Panyeratanipun ugi taksih kathah kekirangan, tebih saking sampurna, namung mugni para kadang sadaya kersa paring panyaruwe kangge njangkepi kekirangan kasebat ing panyeratan candakipun.

*“ Joyo joyo Wijayanti, lir baya lir Wikara, Sura Dira Jayaningrat Lebur Dening Pangatuti, Rawe Rawe rantas Malang malang Putung “*

## PEPELING PANGRIPTA

Puji syukur konjok dhumateng Gusti ingkang Maha Agung, ingkang sampun paring berkah lan anugerah dumateng Panyerat mila saget ngrampitaken panyeratan buku sejarah adeging desa Semugih kanthi lancar.

Ing titi wanci menika panyerat kanthi andaping manah ngaturaken pamaturnuwun dumateng :

1. Badingah,S.Sos, Bupati Gunungkidul;
2. Drs. Agus Kamtana,MM, Kepala Dinas Kebudayaan Kabupaten Gunungkidul ingkang sampun nindakaken program panyeratan buku sejarah desa;
3. CB. Supriyanta,SIP, Dewan Kebudayaan Kabupaten Gunungkidul ingkang paring greget lan panyaruwe;
4. Sigit Pramudiyanto,S.IP,MM, Kepala Bidang Sejarah, Budaya dan Sastra Dinas Kebudayaan Kabupaten Gunungkidul ingkang paring wewarah panyeratan buku sejarah desa;
5. Yusuf Efendi, ingkang paring pangertosan paugeran panyeratan buku sejarah desa;
6. Sugiyarto,SPd. Kepala Desa Semugih, ingkang paring dukungan kaleksananipun panyeratan buku sejarah desa Semugih.
7. Narasumber ingkang sampun paring katerangan dumateng Panyerat lan sedaya Tim saengga pnyeratan buku sejarah Desa Semugih saget Kalampah.
8. Sedaya kemawon ingkang mboten saget kapiji piji ingkang sampun paring samukawisipun murih kaleksananipun panyeratan buku sejarah Desa Semugih.

Mekaten atur sapala saking panyerat, mugi buku menika migunani tumrap masyarakat desa Semugih lan para wira muda ingkang badhe nglajengaken wekdal sakmangke.

Panyerat ngakeni bilih buku menika tebih saking sampurna, mila nyuwun panyaruwe lan pamanggihipun murih dados sempurnanipun buku menika .

Panyerat

Wasdi Raharja - Romadhoni

**Sumber :**

1. **Buku Catatan Padintenan Ki Suwarsudi Baran Wetan Desa Semugih.**
2. **Monografi Desa Semugih tahun 2018.**
3. **Rencana Tindak Pembangunan Lingkungan Pemukiman ( RTPLP ) Desa Semugih.**
4. **Peraturan Desa Semugih Nomor 3 tahun 2016 tentang RPJMDesa tahun 2016 - 2021**

**Nara Sumber**

1. Ki Suwarsudi (91 taun), Pinisepuh Padukuhan Baran Wetan
2. Ki Harjo Prayitno (90 taun) pinisepuh padukuhan Kerdonmiri.
3. Ki Suyitno (77 taun) putro lurah R. pawiro Atmojo ( lurah semugih kaping 3 )
4. Ki Suraman (65 taun), mantan dukuh Semugih
5. Ibu Partinah ( 88 tahun ) Putro R. Somo Taruno Lurah Kaping 2 ( Kalih )

## PANYUSUN LAN PANYERAT

### Kepala Desa Semugih



SUGIYARTO, SPd.

Mijil ing Gunungkidul, 10 Desember 1954 Pidalem ing Karangwetan, Semugih, Rongkop. grampungaken pawiyatan ing Universitas Veteran Sukoharjo tahun 2000 ngasto Kepala Desa Semugih periode 2004-2014. Lan Pereode 2015 - 2021

### Panyerat :



WASDI RAHARJA, SIP

Mijil ing Gunungkidul, 8 Desember 1961 Pidalem ing Purworejo. Semugih, Rongkop Ngrampungaken pawiyatan ing Stisipol Kartika Bangsa Yogyakarta tahun 2009. Sakmenika ngastA Wonten Perangkat Desa Semugih minangka Kepala Urusan Perencanaan.

### Editor :



BUKHORI IBNU ROMADHONI

Mijil ing Gunungkidul, 27 juli 1981 Pidalem ing Semampir, Semugih, Rongkop. Ngrampungaken pawiyatan ing SMK Muhamadiyah 1 Playen tahun 2000 lan Nglajengaken Dateng Pawiyatan Amicom Yogyakarta ngantos tahun 2006 . Sakmenika ngasta wonten Perangkat Desa Semugih minangka Sekretaris Desa.

### Penyusun :



KASIMAN

Mijil ing Gunungkidul, 7 Juli 1951. Pidalem ing Baranwetan, Semugih, Rongkop Ngrampungaken pawiyatan ing Paket C Wonogiri tahun 2009. Sakmenika Aktif wonten Dewan Budaya Kecamatan Rongkop

**Penyusun :**



RAMIN

Mijil ing Gunungkidul, 31 Desember 1948. Pidalem ing Karangwetan, Semugih, Rongkop Ngrampungaken pawiyatanwonten ing SMP Setya Dharma Rongkop tahun 1965. Sakmenika minangka Pensiunan Pegawai Dinas Pendapatan Daerah Gunungkidul